

## Konsèy pou Manadjè yo nan Peryòd Kriz

Travayè ou yo bezwen yon asistans espesyal nan jou ki ap vini yo pou yo ka jere chòk ak twomatis yo viv yo.

1. Fè yo konnen konpayi an konsidere ekip li tankou yon resous valab. Yo ka ranplase byen materyèl, men yo pa ka ranplase moun.
2. Si se pa yon aktivite pwofesyonèl ki konn fèt deja, li pa p kapab yon aktivite òdinè. Konpayi an pa atann ankenn travayè kontinye travay tankou anyen pat pase. Aleje pèfòmans estanda a kou tèm yo.
3. Ba yo pèmisyon pou yo kapab pran swen tèt yo. Nou kapab, pandan jou ki ap vini yo, pran yon konje, si nou bezwen, oswa yon poz oswa pale sou sa nou santi ak lòt anplwaye yo, menm si se travay nou ta dwe ap travay.
4. Di yo trajedi sa yo sot viv la kapab boulvèse lide yo te genyen sou lavi. Ipotèz sa yo ka gen ladan yo: Nou pran risk kalkile, epi yo byen jere, mond mwen an san danje, mwen gen kontwòl li, vye bagay rive lòt moun, men mwen menm/nou menm non.
5. Nòmalize reyaksyon yo ("ou kapab pè, angwase, santi w koupab, tris, fache. Tout santiman sa yo fè pati reyaksyon nòmal aprè yon trajedi"). Yo kapab gen pwoblèm pou manje oswa pou dòmi. Yo kapab tris yon moman epi fache nan lòt la. Yo kapab twouble epi gen difikilte pou konsantre. Yo kapab santi yo koupab pou yon rezon oswa yon lòt akòz konpanyon yo ki mouri. Yo ka reviv yon trajedi yo te pase nan lavi yo tankou yon div, yon timoun yo te pèdi, lanmò yon mari oswa madanm, oswa yon lòt evènman boulvèsan. (Pou kèk moun, sitasyon an sèl kont pou li lakòz chòk pou akable yo. Pou lòt, sitasyon an mete ak lòt chanjman tankou maladi, lanmò, yon divòs, pèdi yon timoun, twòp pou yo sipòte.
6. Mete kontwòl sou komeraj. Sa pèmèt yo pou yo rekonstwi vye ipotèz yo genyen pi vit paske yo pral jwenn bon enfòmasyon.
  - a. Fè anplwaye konnen li nòmal pou pale sou sa yo santi ki gen rapò ak trajedi a. b. Bay anplwaye yo enfòmasyon menm kote nou konnen yo pou yo pa redwi konsekans komeraj ak sipozisyon.
  - c. Chwazi youn oswa plizyè moun (sipèvizè, chèf ekip, elatriye) pou yo kenbe kontak ak nou pou yo ka toujou bay anplwaye yo enfòmasyon resan. Kenbe yo chak jou ak nouvo enfòmasyon nou ap jwenn.
7. Mande anplwaye kisa yo bezwen nan moman sa a. Kesyon san repons lan "Poukisa" difisil pou reponn lè yon evènman trajik pase. Yo pral oblije viv ak kesyon san repons la.

8. Pale yo sou resous ki disponib yo. Ba yo kowòdone kontak yo, nimewo telefòn, adrès imèl, adrès SKYPE yo. Menm si li pi bon pou yo pran inisyativ yo menm pou fè kontak, fè yo jwenn enfòmasyon yo pou li kapab pi fasil pou yo.
9. Bay anplwaye pèmisyon pou yo pran swen tèt yo se bagay ki pi enpòtan nou te ka fè kounya.